


**ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД**

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Мæздæги райони Веселовскойи гъæусовети цæргутæ рандæ 'нцæ дзиллонæй. Еци тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ 172 адæймаги, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ сæ райгурæн гъæуи ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн циртдзæвæн.***


# Дигорæ

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

№18 (799) 2021 анзи 21 май – ханси мæйæ


## ÆМБУРД



## ИСАРАЗУЙНАГ ГЪУДДАГ ЦÆУА АФОЙНАДÆБÆЛ ÆНХÆСТГОНД!..

**Нæ Республики Хецауадæн æрæги ци радон æмбурд адтæй, уоми архайдта Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Æмбурди райдайæни радзубанди кæнгæй, е Хецауади иуонгти æргом раздахта, хæстæгдæр рæстæг кæронмæ æнхæсткæнуйнаг ка 'й, уæдта, куд æнхæстгонд цæунцæ, еци цæстæй ракæсгæй, зæрдæ хъæбæрдæр кæмæ дзоруй, ахсгиагдæр еци нисантæмæ: хъæбæр бугъти полигон аразунмæ, инвестицион проекттæ фæббæлвурддæр кæнунмæ æма се 'нхæст кæнунмæ, архитектурон æгъдауæй сахар Дзæуæгигъæуи æндаг бакаст æма æ арæзтæдти фарстамæ, республики еумæйаг райрæзтмæ, транспорти, республики районтæ ниуазуни кæдзос донæй æфсадуни, райдайæн къæлести скъоладзаути ба гъар хуæруйнагæй æфсадуни æма æндæр фарстатæмæ.

2

## МАДДÆЛОН ÆВЗАГИ СÆРБÆЛТАУ СÆ ХЪАЗАУАТ АРФИАГ ÆЙ!..



*Цæгат Иристони Хецауади сæрмагонд преми нур æртиккаг анз лæвæрд цæуй, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити нæ маддæлон æвзагбæл æнтæстгиндæрæй ка архайуй, еци журналисттæн. Аци премий аци анзи лауреаттæй еу иссæй республикон газет «Дигори» косæг, Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг – Бичилти Алетæ. Къари 'й уинетæ нæ республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Тускъати Таймораз ин лауреатон хуæрзеугутæ ку равардта, еци рæстæг.*

## АХСГИАГ ЦАУ




## Æ ФÆРЦИ НÆ АДÆМИ УОДВАРНÆ АГЪАЗИАУДÆР КÆНУЙ!..

Адæймагбæл дæс æма инсæй анзи ку исæнхæст уй, уæд е айдагъ æ рабайлæгъ уни бæрæггæнæн нæ фæууй. Еци кари бæлвурдæй рабарæг уй æ уодиконд æма зæрдихатт, адæми 'хсæн раргом уй, циуавæр лæгигъæдтæй арæзт цæуй æ цардиуагæ.

Гъе уæхæн цæстингасæй ку 'ркæсæн республикон литературон-аййевадон æма æхсæнадон-политикон журнал «Ирæф»-и карнæмæ, уæд берæ зæрдрохсдзийнæдтæбæл бадестæ кæндзинан. Уони туххæй æхцæуæнæй дзубанди цудæй, Гæздæнти Гайтой номбæл фæсевæдон республикон киунугæдони журнали редакций косгутæн æрæги журналкæсгути, æхсæнади минæвæрттæ æма ахурдзау фæлтæрти хæццæ ци фембæлд рацудæй, уоми. Аци мадзал арæзт ба æрцудæй, журнал «Ирæф»-и исарæзтбæл дæс æма инсæй анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл.

Журналæн æ фиццаг номертæй еуеми Сагети Рамазан æ имисуйнæгти ракой кодта, кæддæр раги Чиколай куд исæмбалдæй æ хуæрзæрдхуард Кертанти Тæхири хæццæ (уæд ма е æригон поэт адтæй).

4


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ 2021 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

***Фарæстæймаг кълæсти ахурдзаутæ ахурадон предметтæй еуемæй финсдзæнæнцæ бæрæггæнæн куститæ. Еци мадзали ци 7386 цæгатиристойнаг скъоладзауи архайунцæ, уонæй 3897 равзурстонцæ æхсæнадæзонундзийнадæ, 944 – географи, 771 – биологи, 600 – информатикæ, 436 – англисаг æвзаг, 277 – хими, 191 – физикæ, 168 – истори, 26 – литературæ.***





## Владимир КУЗНЕЦОВ: «МÆ ХЪАУРÆ ЦÆЙБÆРЦÆ ‘Й, УОЙБÆРЦÆ МА ИРИСТОНÆН ЛÆГГАДÆ КÆНДЗÆНÆН...»

РЕСПУБЛИКИ Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** æрæги фембалдæй зундгонд историк æма археолог **Владимир Кузнецови** хæццæ. Фембæлди размæ ба игъустгонд ахургонд, Цæгат Кавкази, уæдта алайнаг истори æртасæг базонгæ ‘й Цæгат Иристони Национ музейи экспозиций хæццæ.

Сæ фембæлди рæстæг Сергей Меняйло куд радзурдта, уотемæй æ наукон-æртасæн архайдæй Иристонæн е цæйбæрцæ пайда æрхаста æма ци берæ хуæрзти бацудæй, уомæн аргъ искæнун зин æй.

– Цæгат Иристон æй, уæрæсейаг арæнтæбæл ка æрбунат кодта, уæдта, стратегион æма геополитикон æгъдауæй хъæбæр ахсгиаг ка ‘й, уæхæн республикæ. Цæгат Иристон размæ цæмæй цæуа æма гъомусгиндæр кæна, уомæн си ес берæ гæнæнтæ. Æма еци гæнæнтæй куд хуæздæр æй, уотæ испайда кæнун махæн æй нæ ихæс, цæмæй Уæрæсей регионти ‘хсæн республикæ байахæсса раззагдæр æма аккагдæр бунæттæй еу. Иристони хуæрзæбонæн, ирон адæми æгъдæуттæ æма культурæ багъæуай кæнуни гъуддаги дæуæн дæ байвæрæн æй æгæрон берæ, æма ми нифс ес, алайнаг ирон адæми истори æртасуни кусти ма дæ къохи æнтæститæ никкидæр ке бафтуйдзæнæй, – загъта Сергей Меняйло.

94-анздзуд историк æ царди 42 анзи иснивонд кодта Цæгат Кавкази истори, комкоммæ алайнаг истори, дуйнейæн базонун кæнунæн. Æма нур æ кари кæд æй, уæддæр ма ‘й фæндуй ирон адæмæн никки фулдæр хуæрзти бацæун.

Владимир Кузнецов республики Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæгæн балæвар кодта, æрæги ин ци киунугæ рацудæй, уой, уæдта, Аланистони исаргъудбæл 1100 анзи ке æнхæст кæнуй, уой фæдбæл ци историон бунтæ æма документтæ бамбурд кодта, уони.

Уой фæсте Владимир Кузнецов фембалдæй нæ республики æхсæнади, наукæ æма интеллигенций минæвæртти хæццæ, историуарзгути хæццæ æма сæ базонгæ кодта, «Ка ан», зæгъгæ, æ нæуæг киунуги хæццæ, уæдта дзуæппитæ равардта, алайнаг истори æма археологи Цæгат Кавкази историй хæццæ баст адæми ци берæ фарстатæ цæмæдес кæнунцæ, уонæн.

Цæгатиристойнаг æхсæнади хæццæ зундгонд историкки фембæлд амудта национ гъуддæгути фæдбæл министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Цуцити Аслан. Дзæуæгигъæуи Минæвæртти æмбурди сæргълæуууæг Икъати Русланбег ба ахургонд æма тугъди архайæгæн равардта реубæлдаргæ майдан «Дзæуæгигъæу – тугъдон намуси Сахар».

## ИСАРАЗУЙНАГ ГЪУДДАГ ЦÆУА АФОЙНАДÆБÆЛ ÆНХÆСТГОНД!..



1 Сæ алкæбæл дæр дзуапдæттæг бæрнон адæймæгутæн сæ размæ Сергей Меняйло исæвардта бæлвурд æма, цубур æмгъудмæ æнхæсткæнуйнаг ихæстæ.

Идарддæр æмбурд амудта Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз**.

Цæгат Иристони ахуради къабази райрæзти сæйраг фæззелæнти туххæй радзубанди кодта республики Сæргълæуууæги æхсæнадон бундорбæл унаффæгæнæг, Цæгат Иристони паддзахадон университети ректор **Огъуати Алан**.

Куд радзурдта, уотемæй ахургæнæги кадæ Цæгат Иристони бæрзонд адтæй рагæй дæр.

Нури доги уавæртæмæ гæсгæ еци цитгиндзийнадæ никки фæббæрзонддæр кæнуйнаг æй, уой нимайгæй, æма ахуради къабази берæ агъазиау нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй. Æма гъæуй инновацион фæрæзнитæй парахатдæрæй пайда кæнæн, республики экономикæн дæсни специалисттæ цæттæ кæнун, скъолатæ, астæуккаг-профессионалон æма уæлдæр ахургæнæндæнтти æма адæмон хæдзаради еугур къабæзти ‘хсæн бастдзийнадæ никки фенгомдæр кæнун, се ‘мгуст фæгъгъомусгиндæр кæнун, цæмæй æригæнттæ кустагор æндæр регионтæмæ ма цæуонцæ, фал син кусти бунæттæ уа нæхе республики – атæ ‘нцæ ахуради къабази райрæзти сæйраг нисантæ.

Æмбурди архайгути æргом е раздахта абитуриентти цæттæдзийнади фарстамæ, уæдта республики Сæргълæуууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæгæй корæг адтæй, цæмæй æ гъос æрдара Цæгат Иристони уæлдæр ахургæнæндæнтти бюджетон бунæтти нимæдзæ фæффулдæр кæнунмæ.

– Уой туххæй ба гъæуй федералон центри агъаз, – загъта дзубандигæнæг.

«Сувæллон фæддарунæн æ евгеддарæгæн ци федун æнгъезуй, уомæн æ бæрцæ фæффулдæр кæнуни туххæй фарстай фæдбæл фæллойнæ æма социалон ирæзти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Хубиати Барис** куд радзурдта, уотемæй, седзæрæй кенæ æвæгæсæгæй ка байзадæй, уæхæн сувæллæнттæй 183 гъомбæл кæнунцæ се ‘вгеддартæ, 534 æнцæ бийнонтæн хæсгæ сувæллæнттæ æма 433 седзæр сувæллонемæй бийнонтæ сæхецæн искодтонцæ биццеу, кенæ кизгæ. Евгеддартæн мæймæ фист цæуй 4 мин соми, æма еци æхца 2004 анзæй фулдæргонд не ’рцудæй. Хæсгæ сувæллон кæмæн ес, етæ есунцæ 4 200 соми, æхецæн биццеу кенæ кизгæ ка искодта седзæр сувæллонæй, етæ ба – 2 625 соми мæйæмæ. Аци дууæ бафисти ба æйййивд не ’рцудæнцæ 2014 анзæй. Ай размæ нæ республики Парламент фиццаг бакасти исфедар кодта 4 мин соми бафист фæффулдæр кæнун æма сæ 8 мин сомемæ исхъæртун кæнуни туххæй закъони проект. Иннæ дууæ категориемæн си сæ кой нæ адтæй. Е, радзубандигæнæги гъудимæ гæсгæ, раст нæй.

«Етæ дæр æнцæ фæффулдæргæнуйнаг, цæмæй хъæртонцæ фæццæруни тæккæ минкъийдæри бæрцæмæ. Уотæ ку уа, уæд е, æнæмæнгæ, хуарзæрдæмæ фæззиндзæнæй седзæр æма æвæгæсæгæй байзайæг сувæллæнтти нимæдзæ зингæ фæмминкъийдæр кæнунбæл», – загъта радзубандигæнæг. Тускъати Таймораз куд бафеппайдта, уотемæй социалон æгъдауæй ахсгиагдæр мадзæлттæн алкæддæр гъæуй сæ фарс рахуæцун.

Республики финансти министри фиццаг хуæдæййевæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Оксанæ Карова** Хецауади æмбурди радзубанди кодта 2020 анзи Цæгат Иристони республикон бюджет исæнхæст кæнуни фарстай фæдбæл. Куд загъта, уотемæй бюджет æнхæстгонд æрцудæй 97,8 процентемæй, уæдта, ци бæрæггæнæнтæ ин нисан кодтонцæ, уонæмæ гæсгæ. Уотæ æнхæстгонд æрцудæнцæ еугур социалон ихæстæ дæр. Хæрзтæ рауадæнцæ 43 миллиарди æма 634 миллион соми, паддзахадон ихæс байзадæй, 2019 анзи куд адтæй, уотемæй, гъома, 8 миллиарди æма 417 миллион соми, минкъийдæр ба уомæ гæсгæ нæ фæцæй, æма пандемимæ гæсгæ æ федунæй 2020 анзи республикæ адтæй уæгъдæ. Æма, ке нæ фæффулдæр æй, еци æуууæлæн банимайæн ес хуарз бæрæггæнæнбæл.

Уомæй уæлдай, Хецауади иуонгтæ хатдзæгтæ искодтонцæ, 2020-2021 æнзти фæззигон-зумæгон гъаргæнæн рæстæг куд рацудæй, уой фæдбæл, уæдта 2021-2022 æнзти гъаргæнæн рæстæгæн исбæлвурд кодтонцæ исæнхæсткæнуйнаг нисантæ æма ихæстæ. Аци фарстати фæдбæл æмбурди радзубанди кодта республики цæрæнуатон-коммуналон, артаг æма энергетики министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тамати Майрæн**.

**Славайнаг финсунадæ æма культури Бон бæрæггонд цæудзæнæй 24 майи. Уой фæдбæл Цæгат Иристони дæр, куд иннæ æнзти, уотæ нур дæр арæзт æрцæудзæнæй берæ аллихузон мадзæлттæ.**

*Аци бон Цæгат Иристони паддзахадон университети æ куст райдайдзæнæй уæрæсейаг-ирайнаг наукон-практикон конференци «Фирдоусийæй Пушкинмæ: уруссаг æвзаг куд мадзал дуйнеуон бастдзийнади фæрæзни». Программæмæ хасти æрцудæнцæ уæрæсейаг æма ирайнаг ахургæндти докладтæ, уонæй еуæй-еуети Тегеранæй равдесдзæнæнцæ онлан уагæй.*





# ДЗИЛИХТИ ИНÆЛАР



**ЦÆГÆРАТИ Максим,**
(1916-1990)
Цæгат Иристони адæмон финсæг

***Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Цæгат Иристони адæмон финсæг ЦÆГÆРАТИ Николайи фурт Максимæн (1916-1990) æ царди сæйрагдæр гъуддаг иссæй литературон архайд. Ци берæ аййевадон уадзимистæ ниффинста, уонæми, кæми аййевадон, кæми документалон хузи исæносон кодта советон адæми, уони хæццæ ба Иристони дзилли хъазауатон тох немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ, Райгурæн бæсти сæрбæлтау сæ уодуæлдай фæллойнæ. Минкъий нæ 'нцæ, нæ Иристони тугъдон бæгъатæрти туххæй ке ниффинста, еци документалон æрмæгутæ дæр. Уонæй еу, мæнæ ин абони ци очерк мухур кæнæн, е. Финст æй æ хуарз æмгарæ æма æрдхуард, нæ номдзуд инæлар ДЗИЛИХТИ Бæбуй фурт Михаили (1916-1984) туххæй.***

## ЦАЛДÆР ДЗУРДИ ÆМГАРИ ТУХХÆЙ

Иригъæуи аргъауæни тургъæ... Нæ разагъди лæгти ингæнтæ. Къоста, Дзанайти Иван, Мамсурати Дæбе, Тæбæхсаути Бало... Нæ инæлартæ, нæ ахургæндтæ, нæ бæгъатæртæ. Иристони кадæ бæрзонд ка исиста, æ хуарзи ном æ фæсте кæмæн байзадæй, етæ.

Исесæн нæ ходтæ, цума син райгъалунæй фæттæрсæн, уоййау гъавгæ цудæй бахезæн тургъæмæ. Æрлæууæн сæ ингæнти рази. Нæ билти 'змæлдæй, нæ арф ниууолæфтæй син фæззæгъæн рохсаг. Сæ ингæнтæбæл син байвæрæн нæуæгтунд деденгутæ...

Фæззигон гъунтъуз бон. Æгъзæлунцæ бæлæсти цъифæ сифтæ. Еу дзæбæх думгæ ма – æма бæлæстæ бæгънæгæй райзайдзæнæнцæ. Иригъæуи къубур æнкъардæй лæудзæнæй, æ сау циртити хæццæ.

Дзилихти инæлари ингæн... Мæйæ дæр ибæл нæма цæуй. Æ сикъит дæр нæма басор æй. Айдагъдæр æ деденгутæ бампулдæнцæ.

Сæргубурæй лæуун ингæни уæлгъос. Мæ гъудитæ мæ рахастонцæ Хъæрупси дони билтæмæ, нæ сабийбонтæмæ. Фиццаг хатт нин нæ хъуртæбæл нæуæгдзаути сурх галстуктæ ку бабастонцæ, еци æнæмæтæ æма арфиаг бæнттæмæ.

Æмгæрттæ адтан Дзилихти Бæбуй фурт Хайлойи хæццæ. Уотæ худтонцæ Михали боцæй æ мади номæй. Ахурмæ дæр бацудан еци-еу анз. Æцæг æз сахармæ раздæр рафтудтæн. Педагогон рабфаки еу анз ку исахур кодтон, уæд, кæсун æма дуккаг анз Хайло дæр уоми балæудтæй. Хъæбæр бацийнæ ан кæрæдзебæл. Нæ хуæрдæ, нæ цуд, нæ зæрдибун дзубандитæ бабæй нæуæгæй байеу æнцæ. Хъæрупси дони билтæ, гъæуи буни устур æрдозæ, нæ кæсалгахæссæн къотæртæ, «Ири» колхози байрæгутæмæ куд зилдан, етæ бабæй нæуæгæй нæ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ. Уæдта Нагкий дзæхæрай сурхвазæ фæткъутæ. Сæрдигон изæрти кинойæй ку рацæуианæ, уæд ци зартæ кодтан, етæ...

Хайло сосæггай финста æмдзæвгитæ. Æцæг сæ махæн – Басити Дзаххот, Чехойти Сæрæби, мæнæн – некæд исгъæр кодта, фал æй еуæй-еу хатт рауæйæ кæниуонцæ не 'мдзæвгитæмæ нин ци феппайуйнæгтæ æрхæссидæ, етæ.

Æлвæст, æфснайд лæхъуæн адтæй алкæддæр Хайло. Уотæ дæр мæмæ кæсидæ, цума ин цидæр нæ фагæ кодта. Æ уод – æ цæстæ турникбæл гъазун. Хуæрзконд, федарарæзт дæр уомæн адтæй. Догъи уайунмæ, гъæбесæй хуæцунмæ æ разæй неке уагъта.

Еу фæззæг, æнгъæлдæн, 1937 анзи фæззæги Хайло рабфакмæ нæбал фæззиндтæй. Рацудæй еу-дууæ къуæрей бæрцæ, уотæ нæмæ изæрæй æмдзæрæни æфсæддон дарæси æрбалæудтæй.

– Орджоникидзей æфсæддон училищей курсант Дзилихти Бæбуй фурт Хайло! – сæрæн лæуд æркодта нæ уæлгъос.

– Нæ сосæггай?.. – уайдзæфгæнæгау загъта Дзаххот æма мæн æрдæмæ æрбакастæй.

– Сосæг зар гъæрæй нæ фæккæнунцæ, – бахудтæй е.

Æфсæддон дарæс ибæл уотæ хуарз федудта æма æз мæхе нæбал бауорæдтон:

– Гъæйдæ, уайдзæфтæй нецибал... Хуцау дæ инæлар искæнæд...

– Хуцау зæгъæд! – гъæрæй загътонцæ иннетæ дæр.

Ахид нæбал æмбалдан Хайлой хæццæ, æ тугъдон ахуртæй æй махмæ нæбал евдалдæй. Дзаххот каст фæцæй дууанзон ахургæнгути институт æма косун райдæдта Киристонгъæуи. Ахургæнæгæй куста Сæрæби дæр.

Тугъди размæ Хайло райста командири цин. Æ арæхстдзийнадæ, æ сæрæндзийнадæ æма хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ ке фæцæй каст, уой туххæй æй ниууагътонцæ училищей.

Фæххецæн нæ кодта Устур Фидибæстон тугъд. Æз рандæ дæн Камышинмæ танкити училищемæ, Хайло ба байзадæй Орджоникидзей æфсæддон училищей. Мæ рандæуни размæ ма имæ училищей рази еу сахатти бæрцæ фæллæудтæн, фенгъæлмæ кастæн, фал Хайло уоми нæ разиндтæй.

Ци нæ дессаг æрцæуй царди! Уойбæрцæ дзиллитæ исистæнтæ, уойбæрцæ нæдтæбæл рапурхæ уæнтæ, æма бустæги æнæнгъæлæги тугъди будури исæмбæлæ дæ хуарз æмбали хæццæ, дæ еунæг æнсувæрбæл! Дессаг ба куд нæй е?!

1942 анзи сентябри фиццаг бæнттæй еу. Бæстæ сугъдæй. Топпихуаси хъуæцæ, дзармадзанти нæрун, хуæдтæхгути еугæндзон гув-гув, бомбити уодласæн æскъот, танкити гæбар-губур, цæфти уæззау гъæрзун... Зæнхæ æмрезæги ризтæй. Арвæй еу гæбазæ дæр нæбал зиндтæй.

Сталингради сугъд будуртæ. Дæргъæй-дæргъæмæ æрхæ. Содзунцæ, сау хъуæцæ калунцæ нæ танкитæ. Дууемæй ма тухамæлттæй фæйййервазтан нæ содзгæ танкитæй. Хъуæци бунæй кумæ цæуæн, уой дзæбæх дæр нæ зонæн.

Кадæр мæмæ мæ номæй гъæр кæнуй. Кæд мæ гъостæбæл ести уайуй, зæгъгæ, мæ цуди кой кæнун. Дуккаг хатт бабæй мæ гъостæбæл æрцудæй кедæр гъæлæс. Сагъдæй райзадтæн мæ медбунати.

– Хайло... – Туххæйти ма исфæразтон.

Кæмидæр бабæй хæстæгæй сау хелгути хузæн нискъот кодтонцæ бомбитæ. Зæнхæ нирризтæй. Еуварсæрдæмæ ралигъдан.

– Ардæмæ! – мæ цонгбæл мин фæххуæстæй Хайло æма дууемæй дæр, раздæр бомбæ кæми фехалдæй, уæхæн къахти исмедæг ан.

6

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еу зæронд лæг æ хуæрзæригон биццеуи хæццæ цудæй надбæл. Адтæй сæмæ айдагъдæр хуæрзминкъий хæрæг. Кезугай сæ хаста, мадта æндæр куд адтайдæ. Фидæ хæрæгбæл исбадтæй, фурт ба сæ фæсте фестæгæй цудæй. Ка сæбæл рамбæлидæ, етæ фæсхуайæ дзубандитæ кодтонцæ:*

*– Аци зæронд хъебургъæ æ мæрдтæмæ надмæ ранæхстæруйнаг æй, уæддæр ма фуригъоли хузæн сабийи уодхарæй маруй!..*

*Лæг еци дзубандитæ ку фегъуста, уæд æрхизтæй зæнхæмæ æма биццеуи кæд нæ фæндадтæй, уæддæр æй хæрæгбæл исбадун кодта. Адæм бабæй уой фæдбæл дæр дзæнгæда кæнун байдæдтонцæ:*

*– Кæсайтæ еци къæсибадæгмæ: хæрæги рагъмæ исбурдæй, мæгур зæронд лæг ба фестæгæй хелуй!..*

*– Биццеу фурæфсæрмæй расурх æй æма æ фиди æ фæсарцæ исбадун кодта. Хайуан дууей дæр хæссуй. Адæм никки хъæбæрдæр исмæстгун æнцæ:*

*– Дууæ устур хайуани еу минкъийбæл сæ пурхæ калунцæ!..*

*Ци киндæуа? Фидæ æма фурт сæ фурмæстæлгъæй рахизтæнцæ æма хæрæги фæсте фестæгæй фæррастæнцæ. Ка сæбæл исæмбæлидæ, етæ билæскъелæй айуан кæнун байдайиуонцæ:*

*– Дууæ хæрæги æртиккагбæл ауæрдунцæ, æдули къоппатæ!..*

*Уæд фидæ æ фуртæн зæгъуй:*

*– Фæууидтай, мæ хъæболæ? Адæм еугурæйдæр аразийæй цæмæй байзайуонцæ, уомæн уæн нæййес. Тæккæ райдайæни ци фæткæбæл ниххуæстан, уомæ нæуæгæй раздæхæн. Атæ ба цийфæнди дæр дзорæнтæ – се 'гъдау уæхæн æй…*

Аци æмбесонди кой кæддæр ракодта номдзуд итайлаг финсæг Франческо ПЕТРАРКА (1304-1374). Æма кæд хабар недзамайнаг æй, уæддæр абони дæр цæмæдессаг æй – куд зунди хуасæ.



**Лев ЛЕЩЕНКО, Уæрæсей Федераций адæмон артист: «Ци 'й, уруссаг адæймаги бон нæй гъæунгтæ сæрфун кенæ хæдзæртти сæртæ бамбæрзун?.. Абони еугурейдæр фæндуй, уоййасæбæл неци байархайгæй син цæмæй алцидæр уа. Фал уотæ нæ фæууй…»**

Æгæрдæр ма фæууй, уæлдайдæр ба нуриккон Уæрæсей!.. Мадта нур бонгинти зæнæг хъазарæйхъазардæр ци хуæдтолгити ратæхæ-батæхæ кæнунцæ, ци парахат галауæнти цæрунцæ, ци берæ мулкитæ сæмæ ес, уони етæ дæр гъæунгтæ сæрфгæй, кенæ хæдзæртти сæртæ цалцæггæнгæй бакустонцæ?.. Кунæг!..



**Владимир ЖИРИНОВСКИЙ, Уæрæсей либералон-демократон партий разамонæг: «Мах æнæгъæнæ дуйне дæр гъæуама исбадун кæнæн нæ уруссаг хуæлцадон судзийнæбæл…»**

– Æма цума кæд байдайдзинан ласун нæ уæрæсейаг хуæдтолгитæ Грецимæ, нæ уæрæсейаг банантæ Африкæмæ, нæ уæрæсейаг апельсинтæ Мароккомæ?.. Уæд ци загъдæуа нæ къæбæда «политиктæн» – сæнттæ цæгъдуни бæсти ести æцæгæй пайдахæссæг гъуддæгутæ аразунмæ бæргæ ку бавналиуонцæ.



**Анатолий СЕРДЮКОВ, Уæрæсей Федераций гъæуайкæнуйнади раздæри министр: «Æфсæддон пъæлицæ æхемæ райсдзæнæй берæ ихæстæ – гарнизонти фæткæ æма уагæмæ цæстдарун, уæзæгтæ æма объекттæ гъæуай кæнун, хабæрттæ бæрæг кæнун æма уотæ идарддæр…»**

– Дессагæн, æфсæддонти медастæу æнæуставон рахастдзийнæдти нихмæ ба æфсæддон пъæлици ка тох кæндзæнæй? Кенæ æфсади давунти нихмæ ка тох кæндзæнæй? Уогæ сæ уомæ, æвæдзи, нæ евдæлдзæнæй, бæрзондибадæг æфсæддон разамонгутæ æфсади æхцатæй ке фæддавтонцæ, уони фæрци ци галауантæ исаразтонцæ сæхецæн, уони гъæуай кæнунæй?

**Уæрæсейаг амалгъонади Бон 2007 анзæй фæстæмæ алли анз дæр бæрæггонд цæуй 26 майи. Арфæ кæнæн аци къабази архайгутæн сæ еугуремæндæр æма син нæ зæрдæ зæгъуй нæ æхсæнадон гъæугæ гъуддаги æнтæстгин куд уонцæ!..**

***Аветик Исаакян (1875-1957) сомехаг поэт, публицист: «Райгурæн бæстæ æй æвзаг. Æвзаг кæрæдзебæл бæттуй евгъуд рæстæг, абониккон бон æма исонибон, ци рамардæй, цардæгас ци ‘й æма ци райгурдзæнæй, уони. Адæмæн се ‘нæмæлæт æма сæ уоди фарнæ æй се ‘взаги...»***




ЦАРАХАТИ Ритæ


ДЗАСОХТИ Музафер


СКЪОДТАТИ Эльбрус


ХОЗИТИ Барис


ТЪЕХТИ Тамерлан


КЪИБИРТИ Амурхан


МАМУКЪАТИ Хъазбег


ГЕЦАТИ Салават


БУДАЙТИ Милуся


КОЛИТИ Витали

# Æ ФÆРЦИ НÆ АДÆМИ УОДВАРНÆ АГЪАЗИАУДÆР КÆНУЙ!..

Æма ин е цийнæгæнгæй фегъосун кодта:

– Мæнмæ ес Малити Геуæргий киунугæ «Ирæф».

Æз уой фегъосгæй куд нæ бадес кодтайнæ, гъома, кæми дин адтæй, кутемæйти ибæл фæххуæст дæ, зæгъгæ. Тæхири уотæ дæр ма рафарста:

– Мадта ’й æз ба кутемæй фæууинон, ку ’й бакæсинæ...

Тæхир имæ равардта æ киунугæ. Æма Рамазан сæхе уæнгæ дæр нæбал бабухстæй – кæсун æй байдæдта надбæл цæугæй... Цалинмæ сæхемæ бахъæрттæй, уæдмæ ’й каст фæцæй.

Дуккаг бон скъоламæ æрбацæугæй (Рамазан си ахургæнæгæй куста), киунуги хабар ракодта. «Æма мæхе зæрди ка адтæй, – финсуй Рамазан, – еци гъуди мин скъоладзаутæ дæр, корæгау, загътонцæ, гъома, киунугæ син куд бакастайнæ... Уæд Лескени скъолай кълæстæ адтæнцæ устур. Равзурстан си сæ тæккæ устурдæри. Пъартæбæл бадтæнцæ цалдæргæйттæй. Иннæ кълæстæй дæр ма æрбахастонцæ къелатæ æма устур кълаСи къах байвæрæн нæбал адтæй. Æрбацудæнцæ игъосунмæ ахургæнгутæй дæр еу къуаремæй.

Кæд æнæуой урокки кæрæй-кæронмæ фæббадгæй, бафæллайиуонцæ, уæд нур дууæ уроккемæй дæр берæ фулдæр рæстæги дæргъи скъоладзаутæй змæлгæ дæр неке искодта. Хъæбæр дес кæнгæй кастæнцæ æма игъустонцæ киунуги финститæмæ. Æма куд нæ игъустайуонцæ, куд нæ кодтайуонцæ дес, Геуæргий «Ирæф»-и ци æмбесонди кадæнгитæ æма æмдзæвгитæ ес, уæхæнттæ нæ еугурдæр фиццаг хатт фегъустан...»

Рамазан æй лæдæрдтæй, киунугæ æ хецау Кертанти Тæхирæн фæстæмæ дæтгæ ке уодзæнæй, уой. Æма цæмæй еци хæзнайæй бустæги ма фæффудевгед адтайдæ, уомæ гæсгæ ба исфæндæ кодта «Ирæф» къохæй рафинсун: Æма ’й фиццагидæр е æхуæдæг рафинста кæрæй-кæронмæ, æхуæдæг куд адтæй, уотемæй, латинаг алфавитбæл. Геппæй уагъд киунугæ ба фæххаста æма ’й равардта æ хецаумæ.

– Мæнмæ къохæй финстæй ка байзадæй, уомæй ба скъоладзаутæн загътон, сумах дæр æй ардигæй къохæй исфинсетæ, зæгъгæ. Æма фæййагайдтонцæ кезугай. Архайдтонцæ, æз раздæр фæууонбæл. Æма ’й гъе уотемæй хъæбæр беретæ рафинстонцæ...»

Аци хабар уомæ гæсгæ æримистан, цæмæй æй зонайтæ, нæ адæми уæди фæлтæртæн цæйбæрцæбæл хъазар æма зæрдтагон адтæй нæ дигорон æвзаг, æдонуг адæймагæн дони еунæг хъуртт дæр куд уодбæл фæххуæцæг исуй, уоййасæбæл цард дæттæг син ке адтæй геппи уагъд дигорон дзурд. Фал син еци равгæ берæ рæстæгути нæ адтæй – кедæр фудзунди унаффитæй дигорон æвзагæн литературон-публицистикон фæрæзнитæй исдзоруни барæ лæвæрд нæ цудæй, æ цъух ин сæ илгъаг къимбустæй æрæхгæдтонцæ. Уой фудæй дигорон фингсути æма журналистти барæ-æнæбари дæр багъудæй айдагъдæр иронау финсун.

Хуарз æма цæйбæрцæдæр рæстæгути фæсте рæстдзийнадæ уæддæр фæттухгиндæр æй. Уотемæй 1991 анзæй фæстæмæ цæун байдæдта дигорон æвзагбæл литературон-аййевадон æма æхсæнадон-политикон журнал, хонгæ дæр æй искодтонцæ Малити Геуæргий æностæмæ æнæмæлгæ киунугæ «Ирæф»-и нæргæ номæй. Никки еума нисанеуæггон хабар ба е æй, æма æ бундорæвæрæг, уæд æ фиццаг сæйраг редактор иссæй Малити Геуæргий фурт Васо. Гъулæггагæн, абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр ци агъазиау гъуддаги сæргъи æрлæудтæй, е нерæнгæ дæр ма цæруй æма федар ампъезтæй цæуй æ ирæзти бæрзæндтæмæ.

Аци журнал арæзт ке ’рцудæй, е дессаги агъазиау хуарздзийнадæй фæббæрæг æй нæ национ литератури райрæзтбæл. Уой хæццæ ба ма иссæй нæ адæми еугæнæг артдзæстæ. Æ алли номер дæр фæууй медесгун æма гъæздуг иронау æма дигоронау финст литературон-зонадон, амæй а хуæздæр уадзимистæй.

Журнал «Ирæф»-и кæсгутæн ес федар бастдзийнадæ æ редакций алли косæги хæццæ, адæмæн сæ бон æй царди алли фарстати туххæй дæр журнали æргомæй æма лæмбунæг зæгъун.

Уобæл æма берæ æндæр гъуддæгути фæдбæл цудæй дзубанди Гæздæнти Гайтой номбæл фæсевæдон республикон киунугæдони ци мадзал арæзт æрцудæй, уоми.

Уой райдайæни аци киунугæдони разамонæг, нæ республики культури æскъуæлхт косæг Царахати Ритæ загъта:

– Журнал «Ирæф» дæс æма инсæй анзи нæ дзиллити ’хсæн ци рохситауæн куст кæнуй, е æй зингæ æма ахедгæ. Цæмæдессаг растауйнаг æй е дæр, æма журнал мухур кæнуй куд дигоронау, уотæ иронау финст æрмæгутæ дæр. Уомæй ба зингæ æвæрæн хæссуй Иристони еудзийнадæ æма фæрнугадæмæ.

Нæ маддæлон æвзаги еугур къабæзтæн сæ еугурей дессагдзийнадæ багъæуай кæнуни æма сæ идарддæри сæрбæлтау журнал «Ирæф»-и коллектив куд æновудæй архайуй, уой туххæй зæрдæмæдзæугæ гъудитæ загъта Цæгат Иристони адæмон поэт Дзасохти Музафер. Уой ма сæ радзубандити бахантæ кодтонцæ республикон газет «Дигорæ»-йи сæйраг редактор Сакъити Эльбрус, газет «Рæстдзинад»-и сæйраг редактор Хозити Барис, Хуæнхон паддзахадон аграрон университети ректори хуæдæййевæг Гецати Салават, киунугути рауагъдадæ «Ир»-и бæрнон косгутæ Тъехти Тамерлан, Мамукъати Хъазбег, Будайти Милуся, поэт Къибирти Амурхан, æхсæнадон æзмæлд «Малити Геуæрги»-й раздзæуæг, этнограф æма историк Тамати Таймораз æма мадзали иннæ архайгутæ дæр.

Нæ радзубандий кæронбæттæни ба ма нæ фæндуй æримисун Сагети Рамазан æ кæддæриккон финстæги ци гъуди загъта, уой: «...Æхцæуæн мин фæууй, еци дзаманти æз не скъолай æма гъæуи цæргутæй берети ке базонгæ кодтон нæ Дигори хуæздæр æма устурдæр поэт Малити Геуæргий исфæлдистади хæццæ, е. Мæн хъæбæр фæндуй, абони дæр, нæ рагон рæстæгау, не скъолати, уæдта гъæути цæрæг адæми ’рдигæй дæр айдагъ Малити Геуæргий нæ, фал нæ еугур фингсути, поэтти исфæлдистадæмæ дæр уæхæн цæстингас дарун ку райдайиуонцæ, ку сæ кæсиуонцæ, ку сæ уарзиуонцæ. Мæн хъæбæр фæндуй, нæ маддæлон æвзагмæ хуæздæр цæстæй кæсун ку райдайанæ, дигорон æвзагбæл газеттæ, журналтæ æма киунугутæ ахиддæр ку кæсианæ, нæхе æвзагбæл минкъийæй, устурæй фулдæр ку дзорианæ, лæмбунæгдæр æй ку ахур кæнианæ, хуæздæр æй ку зонианæ, гъе мæ хъæбæр фæндуй...»

Æма Сагей-фурти аци бæлдæ тæккæ хуæздæр хузи исæцæг уа, уобæл ба хъæбæр æновудæй кæд еске архайуй, уæд уонæн сæ фиццæгти-фиццæгтæй æнцæ журнал «Ирæф»-и косгутæ æма сæ агъазгæнгутæ. Уой бæлвурдæй уинунцæ, журнал еудадзугдæр ка кæсуй, етæ. Фал, баруагæс уи уæд, айдагъ уони хъазауатæй еци бæлдæ нæ райрæздзæнæй куд нæ фæндуй, уотæ æнхæстæй. Гъæуй, цæмæй нæ дзиллæ æмхузонæй, сæ равгитæ æма фадуæтти æмбæрцæ агъаз кæнонцæ журнали ирæзтæн. Æма нин еци арфиаг гъуддаг бантæсæд. Уадзæ æма нæ маддæлон æвзаги фарнæ гъомусгиндæр кæнæд.

***ГАСАНТИ Валерий,***
***БИЧИЛТИ Алетæ.***


ГАСАНТИ Валери


ТАМАТИ Таймораз



# МАДДÆЛОН ÆВЗАГИ СÆРБÆЛТАУ СÆ ХЪАЗАУАТ АРФИАГ ÆЙ!..

ИРОН æвзаг æма литератури бæрæгбони кадæн 18 мартъий нæ республики журналисттæн маддæлон æвзагбæл анзи дæргъи цæмæдессаг æма медесгун æрмæгутæ кæмæн рацудæй темæ «Нæ уарзон Иристон»-бæл, еци дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгутæн кадгин уавæри лæвæрд æрцудæй сæрмагонд преми.

Мадзали архайдтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз**, нæ республики национ рахастдзийнæдти министр **Цуцити Аслан**, мухури фæрæзнити æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдар **Фидарати Юрий**, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети журналистики факультети декан **Хæбæлати Фатимæ**, газеттæ «Рæстдзинад», «Дигорæ» æма «Нихас», журнал «Мах дуг»-и сæйраг редактор æма журналисттæ, æхсæнади минæвæрттæ.

Мадзали райдайæни æ архайгутæн зæрдиаг арфитæ ракодта Фидарати Юрий. Æ медесгун радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни æма ирæзти сæрбæлтау цæйбæрцæбæл берæвæрсуг æма бундорон архайд цæуй, уæлдайдæр ба дзиллон хабархæссæг фæрæзнити фæрци, уой фæдбæл æрхаста бæлвурд дæнцитæ. Ци гъудитæ загъта, етæ хъæбæр бунати 'нцæ æма æнæмæнгæ гъæунцæ абони, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма нин не ’хсæнади медæгæ сабурдзийнадæ æма кæрæдзей лæдæрундзийнадæ исæзмæнтунмæ рæстæгæй-рæстæгмæ ци æнæдæндтитæ багъавунцæ, уæлдайдæр ба нæ адæми еумæйаг культурон фæзуати, уонæн нихкъуæрд дæттун ке гъæуй, уомæ гæсгæ.

– Къоста æма нин Малити Геуæрги ци бунтæ ниууагътонцæ, уони мах идарддæр ку нæ хъæртун кæнæн, уæд еци гъуддаг хуарзæрдæмæ нæ фæззиндзæнæй айдагъ æвзагбæл нæ, фал æнæгъæнæй нæ адæми карнæбæл дæр, – загъта Фидарати Юрий. – Адæмихатт æ маддæлон æвзагбæл ку нæбал дзора, уæд наци æ исæфтмæ цæуй. Æма нæ еци бæлахæй ба Устур Хуцау багъæуай кæнæд, зæгъгæ, кæд ахид фæдздзорæн, уæддæр, баруагæс уи уæд, фиццаги-фиццагдæр, æновудæй гъæуама нæхуæдтæ дæр архайæн нæ маддæлон æвзаги еугур къабæзтæ дæр æнæгъæнæй æдзæллаг уавæрмæ не ’руадзунбæл.

Национ преми абони æртиккаг хатт сæрмагондæй лæвæрд цæуй, нæ маддæлон æвзагбæл ка финсуй, еци журналисттæн се ’сфæлдистадон æнтæстдзийнæдти туххæй. Ами æнæмæнгæ зæгъун гъæуй, аци арфиаг мадзал цæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй, уой туххæй дæр. Уой размæ цалдæр анзей дæргъи республики æнтæстгиндæрæй архайæг журналисттæ хуарзæнхæгонд цудæнцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæги премийæй. Е, дзубанди дæр ибæл нæййес, ахсгиаг æма æнæмæнгæ гъуддаг æй, фал си еу «къæламус» адтæй – цæветтонгæ, еци конкурсмæ ци æрмæгутæ æвдист æрцæуиуонцæ, уонæн сæ дæс æма цуппаринсæй проценти уиуонцæ уруссаг æвзагбæл цæттæгонд æма, цæмæдæр гæсгæ, уонæмæ фулдæр æргом æздæхт ке цæуидæ, уомæ гæсгæ куддæр еуварсгондæй райзайиуонцæ нæ маддæлон æвзагбæл цæттæгонд æрмæгутæ, кæд æма берæ хæттити тухгиндæр æма банимайуйнагдæр уиуонцæ, уæддæр.

Еци уавæр исраст кæнунбæл зæрдиагæй байархайдта нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æма коммуникацити Комитет.

– Мах расагъæс кодтан, æма исфæндæ кодтан, ирон æма дигоронау ка финсуй, еци журналисттæн хецæн аллианзон преми «Мæ уарзон Иристон» иснисан кæнун,– загъта Фидарати Юрий. – Нæ гъудий фæдбæл курдиадæ балæвардтан нæ республики Хецауади Сæрдар Тускъати Тайморазмæ. Е уайтæккæдæр нæ хæццæ исарази ’й æма нæ еци фæндæ царди рауадзунæн цидæриддæр исаразун гъудæй, уомæй нин фæййагъаз кодта. Æма нур æртиккаг хатт преми сæрмагондæй лæвæрд цæуй ирон æма дигорон æвзæгтæбæл финсæг журналисттæн. Аци гъуддаг цæйбæрцæбæл агъазиау æма ахсгиаг æй, е лæдæрд æй. Уой хæццæ ба ма ни гъæуама федарæй æруагæс кæна: æвзаг айдагъ уотид дзорунæн нæй, æвзаг æй нæ зундирахаст æма нæ маддæлон æвзагбæл дзоргæ дæр, финсгæ дæр æма кæсгæ дæр ку кæнæн, уæд нæ национ хелæдæрундзийнадæ æма хенимайундзийнадæ, нæ уоди фарнæ æма нæ зундирахаст гъæздугдæр æма тухгиндæр уодзæнæнцæ.

Маддæлон æвзагбæл журналистики исфæлдистадон конкурс «Мæ уарзон Иристон»-и уæлахездзаутæ иссæнцæ: Национ телеуинунади амонæг **Зухъуати Жаннæ**; республикон газет «Дигорæ»-йи уацхæссæг **Бичилти Алетæ**. Радиой нæ маддæлон æвзагбæл ка райгъустæй, еци æрмæгутæй конкурси архайунмæ берæ æвдист æрцудæй, æма си хуæздæрти равзарун уотæ æнцон нæ адтæй. Уомæ гæсгæ аци номинаций лауреаттæ иссæнцæ æртемæй, бæлвурддæр ба – Цæгат Иристони паддзахадон университети журналистики факультети студенттæ **Мамиати Дианæ**, **Чсиати Эвелинæ** æма **Налдихъуати Камиллæ**.

Национ журналистикæмæ устур æвæрæн бахæссуни туххæй ба сæрмагонд преми лæвæрд æрцудæй цæгатиристойнаг республикон радиой косæг **Налдихъуати Зæлинæн**.

Мадзали кæронбæттæни радзубанди кодта республикон газет «Дигорæ»-йи сæйраг редактор **Сакъити Эльбрус**. Фиццаги-фиццагдæр, е райарфæ кодта, нæ маддæлон æвзагбæл журналистики æнтæстгиндæрæй архайæг журналистти арфиаг фæллойнæн кадæгæнæг профессионалон конкурс ке фæрци арæзт æрцудæй, уонæн: Тускъати Тайморазæн æма Фидарати Юрийæн, уæдта еци гъуддаги ма сæ хæццæ ка байархайдта æма архайуй, уонæн. Уæлдай зæрдиагæй ба уобæл бацийнæ кодта, æма аци конкурси фæлтæрдгун журналистти хæццæ ерисонæй архайун ке байдæдтонцæ исуйнаг журналисттæ дæр, бæлвурдæй ба Цæгат Иристони паддзахадон университети журналистики факультети студенттæ дæр, уой хæццæ ба ма си уæлахездзаутæ дæр ке иссæнцæ, е хъæбæр хуарз гъуди ке адтæй.

– Е æй æхцæуæн æма идарддæр парахат кæнуни аккаг хабар, – загъта Сакъити Эльбрус. – Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити абони ка архайуй, етæ сæ кустбæл, баруагæс уи уæд, идарддæр дæр, еузæрдиуон уодзæнæнцæ, косдзæнæнцæ си, баруагæс уи уæд, цалинмæ син равгæ уа, уæдмæ. Абони нин сагъæссагæй-сагъæссагдæр гъæуама уа, исонибони сæ ка раййевдзæнæй æма идарддæр маддæлон æвзагбæл журналисти куст гъæугæ хузи æма бæрцæй ка æнхæст кæндзæнæй, еци фарста. Исонибони журналистон фæлтæрти цæттæ кæнун æма уони рагацау разæнгард кæнун гъæуй. Е алцæмæй дæр сæйрагдæр гъуддаг æй абони.

Исонибони журналистон фæлтæрти абони цæттæ кæнуни туххæй дзоргæй Сакъити Эльбрус сæрмагондæй райарфæ кодта нæ университети журналистики факультети декан Хæбæлати Фатимæн. Æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй е декан исуни размæ дæр ци бæрнон бунæтти куста, уоми дæр æ архайд бæлвурдæй баст уидæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити хæццæ, æма си нæ маддæлон æвзагбæл ка адтæй, уонæбæл ауодудта уæлдай лæмбунæг æма зæрдтагон цæстдардæй.

Кадгин мадзал дессаги рæсугъдæй исфедаун кодтонцæ нæ республики нури уæнгæ уарзон музыканттæ ка иссæй, еци искурдиадæгин лæхъуæнтæ **Берозти Таймораз** æма **Музати Руслан** ирон адæмон инструменттæбæл рацагътонцæ «Барæджы балц» æма «Фæндараст»-и уадзимистæ.

Æмбурд амудта нæ республики зундгонд журналист, аци премий лауреат (лæвæрд ин æрцудæй 2020 анзи) **Моргуати Ладæ.**

***Æрмæг бацæттæ кодта Хекъилати Маринæ.***



**Къари (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): НАЛДИХЪУАТИ Зæлинæ, ТУСКЪАТИ Таймораз, ХÆБÆЛАТИ Фатимæ, ФИДАРАТИ Юрий, ГÆБÆЛАТИ Мадинæ, ЦУЦИТИ Аслан.**

**ГЪÆРГИНТИ Темирболат, журналист: «Дзилихти Михал е 'взонги бонти номдзуд Хетæгкати Къостай фæнзгæй, финста æмдзæвгитæ æма æмбесæндтæ. Æма мæнæ дессаг – Иригъæуи аргъауани тургъи уæлмæрдти рауадæй е 'носон бунат. Алагири сæйраг гъæунгæ хæссуй Хетæгкати Къостай ном. Æ галеуварс – цубур райдзаст гъæунгæ ба**



Устур Фидибæстон тугъди рæстæги Польший цæугæдон Одери сæрти советон æфсæдти бахизт.

# ДЗИЛИХТИ ИНÆЛАР

3

Еуцæйбæрцæдæр æгуппæгæй райзадан, нæ дзубанди цæмæй райдæдтайанæ, уой нæ зудтан.

Æз цæф нæ адтæн. Æнæ фидбилизæй байзадæй ме 'мбал дæр. Айдагъдæр æ хæдони дустæ æма хæлафи галеу уæрагисæр басугъдæнцæ. Хайло адтæй цæф. Æ цонг бинтæй тухт сауæнгæ æ усхъæй æ арми фæттасæни уæнгæ. Тог си рагъардта. Æ цæсгон ругæ æма хедæй нæ зиндтæй. Æ галеу фæсгъосбæл тоги фæдтæ.

– Кæцæй? – цума немуцаг хуæдтæхгути унгæг гъæрзунмæ игъуста, уоййау хæрдмæ искастæй, уотемæй рафарста Хайло.

– Раст ду кæцæй, æз дæр уордигæй, – æма имæ комкоммæ бакастæн.

– Дæ цонг хъæбæр цæф æй?

– Уомæн бæргæ неци 'й, фал... – æ дзубанди æрдæгбæл раскъудта Хайло æма æ рахес къох æ губунбæл æрæхстгæй æрхаста, æ хæдони дустæбæл бунмæ æрхуæстæй.

Æ хæдони скъудæй мæмæ цидæр сурх ферттивта. Мæнмæ уотæ фæккастæй, цума æ фарс дæр цæф æй æма æ бæститæ дзæбæхтæ кодта. Цума æ цæфтæ мæнæй римахста.

Хайло тухстæй, тагъд-тагъд дзурдта æ хабæрттæ:

– Тугъди дуккаг бон курдиадæ балæвардтон, тугъдмæ мæ рарвететæ, зæгъгæ. Неци мин си рауадæй. Ниффинстон дуккаг, æртиккаг хатт. Баруагæс ди уæд, мæ цæсгон нæбал хуæстæй гъæунгæмæ рацæун. Сауæнгæ ма мæ кæстæр æнсувæр Аслæнбегмæ дæр комкоммæ бакæсун æфсæрми кодтон. Нæхемæ, Алагирмæ, еу цуд дæр нæ никкодтон. Уæдта... Нæ курсантти ма цалдæр мæйи гъудæй каст фæуунмæ, уотæ нæ еу æхсæвæ рарæвдзæ кодтонцæ. Еци-еу цæфæй нæ тугъди исмедæг кодтонцæ. Цалдæр бони немуци размæ еу къахдзæф дæр не 'рбаугътан. Фал танкитæ... Уони нихмæ нæ бон нецибал бацæй... Никки хуæдтæхгутæ... Нæ сæрмæ ауигъдæй лæудтæнцæ. Исистадан, нимпурстан сæ нихмæ. Цалдæр танки си басугътан... Уæдта аци цæф... Ами гъæуама не штаб хæстæг уа... Уордæмæ мæ байервæзун гъæуй... Æнæмæнгæ.

Хайло исистадæй. Æз айдагъдæр уæд бафеппайдтон, æ цæсгон куд ниффæлорс æй, уой.

Кæрæдземæн нихъхъури кодтан. Губур-губурæй, æ рахес фарсбæл æ къохæй хуæстæй, уотемæй фæррахст æй е 'мбал курсанти хæццæ Хайло. Æ хæдони скъудæй ма еу хатт фæззиндтæй еци сурх уадздзаг.

Æмбесæхсæвæ адтайдæ, уотæ тухтæ-амæлттæй иссирдтон нæ танкити бригади штаб. Дуккаг бон Хайломæ финстæг рарвистон, æхуæдæг мин ци адрес равардта, уордæмæ. Неци дзуапп мин равардта.

Сталингради бунмæ тугъдитæ уæлахезæй рахецæн æнцæ.

«Нæ, æвгъау æй уæхæн биццеу уотæ раги фесæфунмæ», – гъуди кодтон мæхенимæр æма мæ цæстити рази лæудтæй Хайлой сорæт: саулагъз, сауцæстæ, сауæрфуг, айдагъдæр æфсæддон службæн ка райгурдæй, тугъдон гъуддагæн æ цард ка иснивонд кодта, Орджоникидзей проспекти айдагъ æ еунæг рацудбæл дæр адæм сæ цæстæ кæбæл æвардтонцæ, еци хæларзæрдæ æма хуæрзконд Хайлой сорæт.

Сталингради тугъдтити фæсте Тамбови сахармæ хæстæг гъæди, Тригуляй, зæгъгæ, еу лагери рæстæгмæ нæ фæллад уагътан. Уоми райстон финстæг Хайлойæй. Финста мæмæ:

*Мæлæт нæ фæдыл зилы, –*
*Лæбуры нæм æдзух,*
*Йæ цæвæг нæм ниттилы, –*
*Æрцахсæм ын йæ къух...*

Зæнгиати Бæбуй ма гъуди кæнис? Е Магкæти Ботасæн куд загъта, уотæ мæнæй дæр æмдзæвгитæ финсæг нæ рауадæй. Кæд ма ести ниффинстайнæ, уæддæр нур финсунти рæстæг нæбал æй. Уæлдайдæр мæнæн, æфсæддон лæгæн. Цалдæр боней размæ рацудтæн сæйгæдонæй, мæ цæфтæ æнхæст нæма бадзæбæх æнцæ, заманай лæхъуæнти къуар мин мæ бæрни бакодтонцæ. Дæ зæрдæ мæбæл дарæ, Хърупси ном мæ фегадæ кæндзинæн... Ард сæ хæдзари бацæуæд, махæн Сталингради бунмæ дзæбæх радзубанди кæнуни бон ке туххæй нæ фæцæй... Еуæй еци æнæхайири хуæдтæхгутæ, иннемæй ба... Нур дин æй исгъæр кæндзæнæн. Мæхе мæтæ мæмæ уойбæрцæ нæбал адтæй, фал нæ полкки туруса... Æ бунатбæл ку нæ исæмбæла, уомæй тарстæн... Мæ астæубæл тухт адтæй»...

«Мæ астæубæл...» – мæ бауæр нирризтæй еци дууæ дзурдемæй. Нæуæгæй бабæй мæ цæстити рази фестадæнцæ Сталингради бунмæ тогкалæн тугъдтитæ. Хайлой фæлорс цæсгон, æ тогæйдзаг цонг æма æ хæдони бунæй ци сурх уадздзаг зиндтæй, е.

## АЙДАГЪДÆР ЕУНÆГ КЪУÆРЕ АЛАГИРИ

1944 анзи кæрон. Цума дзубанди бакодтан, уотæ æнæнгъæлæги нæ райгурæн гъæу Алагири исæмбалдан цуппар æрдхуардемæй – майор Дзилихти Михайло, дууæ капитани – æз æма Цихити Махар, уæдта хестæр лейтенант Бидети Ислам – ка æфсæддон сæйгæдони фæсте, ка ба цалдæр боней æмгъудмæ.

Мæтъæл бонтæ. Не 'мгæрттæй, нæ хæстæгутæй лæгъуз хабар беретæй исигъустæй. Нæхемæ ци цубур рæстæг адтан, е нин нæ еугур биййонтæбæл æрзелунæн ке не 'сфагæ уодзæнæй, уой зудтан æма æмзундæй баунаффæ кодтан: тæккæ фиццаг бал бабæрæг кæнæн ахур ке хæццæ кодтан, еумæйаг æрдхуæрдтæ нин ка адтæй, уони бинонти, уæдта хæстæгути. Уогæ уонæн радех кодтан æхсæвтæ.

Абони дæр ма дес кæнун, куд бафæразтан не 'мгæртти, не 'рдхуæрдти ниййергути содзгæ цæстисугтæн, сæ хъæболти мæтæй ка батадæй, еци ниййергутæмæ комкоммæ бакæсун. Нæхуæдтæ дæр кæбæл не 'уæндтан, уæхæн нифситæй ма син бæргæ æлхæдтан сæ рист зæрдитæ. Фал... Фулдæр хатт нæхуæдтæ нæхе сайдтан. Сæ сосæггай тухнихъуæрд кодтан нæ цæстисугтæ. Уæхæн дзаман сæ нартихуари кæрдзини къæбæр, сæ цихти морæ дæр хъури кæми цудайдæ. Алли рæуæнттæй фингi къæбæртæ æнæвнæлдæй байзадæнцæ, айдагъ фæйнæ арахъи. Е дæр паддзахади размæ, æ адæми сæрбæлтау æ тог тугъди будури ка калуй, уони цæрæнбони туххæй. Цæмæй нин нæ мæнгæ дзубандитæбæл ма фæггурусхæ адтæйуонцæ, уой туххæй.

Еу уæхæн изæр Габисти хæдзарæй рахизтан. Се 'ртæ биццеуи – Роман, Аврам æма Захар адтæнцæ тугъди. Зудтан, Аврам æма Захар ке фæммард æнцæ æма син сæ мади бабæрæг кодтан. Зæрдитæ ниддор æнцæ, дзурд ни некæмæй хаудтæй, уотемæй рацудан гъæунгæмæ. Аврами мадæ цавддорау лæудтæй сæ дуармæ. Синхи уоститæ нæ фæсте мæтъæлæй кастæнцæ. Цалинмæ Хърупси дони сæрмæ ци нарæг гъæдин хед адтæй, уой размæ не 'рбахъæрттан, уæдмæ ни хъип-сун некæмæй бал исхаудтæй.

– Сумахæн нæ зонун, фал мæнæн мæ бон нæбал æй, фæстагмæ загъта Хайло. – Уотæ мæмæ кæсуй, цума не 'мгæртти исæфти æз дæр ести фудгин дæн... Уæдта нæ дзубандитæ... Нифсæвæрæнтæ... Уомæй дæр комкоммæ...

Ислам нииуулæфтæй:

– Раст зæгъис... Цума син сæ мастбæл цæнхæ кæнæн...

Еци изæрæй фæстæмæ ни гъæунгæмæ кæсгæ дæр некебал ракодта.

Кæд мæгур дзаман адтæй, кæд рæстæг еци еухузон æнтъуснæг хаста, уæддæр еци къуæре кæбæлти ратахтæй, уой лæдæргæ дæр нæ бакодтан. Ислам æма Махар се 'фсæддон хæйттæмæ рандæ 'нцæ. Æрхæстæг æй мæн æма Хайлой æмгъуд дæр. Дууæ бони ма нæ гъудæй, уотæ райони æфсæддон комиссармæ иссудан. Саулагъз, къæсхуртæ капитан. Æ цонг æма æ къохи æнгулдзитæ цалдæр рауæни пурхитæ. Еу хабар си хъæбæр цæмæдесæй дзурдтонцæ адæм. Цæветтонгæ, Хетæгти бони сæумæй Хетæгти къохи балæудтæй. Æ зæронд бидарки сæрмæ исхизтæй æма митинг исаразта:

– Хуарз адæм, Уасгерги тугъдон лæг адтæй. Нæ фæсевæддæй нуртæккæ тугъди будури немуцаг фашистти нихмæ бæгъатæрæй ка тохуй, етæ ибæл кæддæриддæр сæхе бафæдзæхсунцæ. Сæхецæн си нифс райсунцæ. Æрбакæсайтæ мæнæ мæ цонги пурхитæмæ, мæ бауæри арф ностæмæ. Ци уин æй сосæг кæнон, атаки размæ дæр, мæ уæззау цæфти рæстæг дæр мæ фиццаг дзурдæй æ рохс ном иссирдтон... Цæмæй нæ бæгъатæр Сурх Æфсад никки федардæр уа, знаги ниппурхæ кæна, уой туххæй советон адæм æгириддæр нецæбæл ауæрдунцæ. Уодуæлдай кустæй уæлдай ма етæ берæ æнзти ци æхцати мортæ фембурд кодтонцæ, уонæй æлхæнунцæ танкитæ, хуæдтæхгутæ. Гъæуама мах дæр еци устур гъуддаги фæсте ма байзайæн. Абони Хетæги бон æй, æ ковæндони ке æрæмбурд кæнæн, еци æхцатæй æлхæд тохæнгæрзтæ сæ гъуддаг бакæндзæнæнцæ тугъди будури.

– Раст загътай Бæдтий-фурт! Мах дæр фæстегæй нæ байзайдзинан! – дзурдтонцæ аллиригæй, – айдагъ еу гъуддаг ма... Беретæ сæ хæццæ æхца нæ рахастонцæ, æма...

– Мах ардигæй изæри уæнгæ ами уодзинан, – бидарки сæрбæл лæудтæй, уотемæй гъæрæй дзуапп равардта Бæдтий-фурт.

Изæрмелти райони тугъдон комиссар Бæдтиати Барис æма е 'мбæлттæ Алагири банкмæ голлаги дзаг æхца æрбаластонцæ.

...Барис нæбæл бацийнæ кодта. Еуцæйбæрцæдæр еумæйаг дзубандитæбæл рафæстеуат ан, уæдта нæ гæгъæдитæбæл æ къох бафинста, мухур сæбæл æрæвардта, зинна-нæзинна бахудтæй:

– Гъаст ми ма ракæнетæ. Уе 'мгъуд уин нæ фæфффулдæр кодтон.

– Æма дæмæ уæхæн курдиади хæццæ ку не 'рбацудан, – фæййарæхстæй Хайло.

– Раст зæгъун гъæуй, цæугæ не 'рбакодтайтæ, фал... – Барис æ дзубанди кæронмæ нæ фæцæй, телефони хæтæл исиста æма фæлмæн гъæлæсæй загъта: «Нинæ, заманай хинцуйнаг иуазгутæ. Ду цалинмæ ести цæтæ кæнай, уæдма бал мах нæхе естæфæлти райерхæфсдзинан. Фæццæуæн...»

Барис цардæй комиссариати тургъи ниллæгæр хæдзари. Æ уосæ къинсигъæстæ къохтæй тургъæмæ нæ размæ рауадæй. Цума æ рагон хуарз зонгитæ адтан, уоййау нæбæл бацийнæ кодта.

– Батухсун дæ кодтан, – хатир корæгау загъта Хайло.

– Æндæр тухст Хуцау ма æруадзæд, – бахудтæй Нинæ. – Уæхæн иуазгутæ... Максими ма фæууидтон, фал дæу, – Хайлой 'рдæмæ бакастæй æфсийнæ, дуармæ райамудта. – Медæмæ рахезетæ.

Уати стъоли уæлгъос æрбадтан. Барис, агуайæн гъосинæн æ дууæ гъосебæл ниххуæстæй, уотемæй æй стъолбæл æрæвардта, бахудтæй æма загъта:

– Ардигæй уин рауадзæн нæййес, цалинмæ гъосин исревæд уа, уæдмæ.

Мах кæрæдземæ бакастан. Хайло ба фæййарæхстæй:

– Тæрсун, не 'мгъудбæл ма нин фæйнæ еу къуæрей бафтаун ку багъæуа, уомæй.

– Мах хузæн æртæ уæйугемæн мæнæ аци нецæййаг гъосин ци 'й? Цæмæй си фæттарстайтæ? Баруагæс уи уæд, дуккаг къуæре ибæл архайæн æма нин е 'рдæгмæ дæр нæма фæцæй.

Е 'ртæ къерей хæццæ уатмæ æрбахизтæй Нинæ. Нартихуари инсадæй конд цихтгунтæн се 'скъудтæй сæ цихт æндæмæ калдæй. Хуæрзадæ ке адтæнцæ, уой туххæй се 'скæнæгæй цæрæнбонбæл ракувтан. Ке зæгъун æй

**Нæудæс æма æртинсæй анзей размæ ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ нисангонд æрцудæй Фидибæстон тугъди орден, адтæй ин дууæ къæпхæни. Аци хуæрзеуæгæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ не 'мзæнхон сæдæгай тугъдонтæ.**

гъæуй, баниуазтан Нинæн æхе ниуазæнтæ дæр. Нæ амондæн, Барисмæ райкомæй фæдздзурдтонцæ. Рæуонæ нин фæцæй, исистадан мах дæр. Барис гъосинмæ бакастæй, æ медбилти бахудтæй æма загъта:

– Исон ба нин кумæ ледздзæнæ? Не ’фсийнæ, исон изæрæй ма нæ иуазгути фагæ исуодзинан?

Дуккаг изæр нæ Бæдтиатæмæ нæбал райевдалдæй. Мæ мадæ Уæлинкай, уæдта Хайлой мадæ Госæдай нартихуари кæрдзинтæ æма нин сæ карки толæн адгиндæр разиндтæнцæ. Фал нæ Барис дæр уотемæй нæ ниуугъта: дуккаг сæумæ, бон цъæхтæ кæнун ку райдæдта, уотæ нæмæ Алагири «кукушки» станци æд хунæ æрбалæудтæй. Фæндараст нин загъта.

Бариси хæларзæрди нæ уодтæ байзадæнцæ.

## МАХАЧКАЛА. РАСУЛ ГАМЗАТОВИ ХÆДЗАРИ

Хайлой инæлари дарæси фиццаг хатт уæд фæууидтон. Сæрдæ æ тæккæ тæмæни ку адтæй, раст еци афони Махачкалай уогæй æ хæццæ исæмбалдтæн, æнгъæлдæн, Расулæн æ дæс æма дууинсæй анзей бæрæгбони. Сæумæй мæмæ кадæр иуазæгуати дуар æрбахуаста. Исистадтæн имæ. Кæсун æма Расули кæстæр æнсувæр Гаджи.

– Расул дæмæ дзоруй, – еци гъуддагхузæй загъта Гаджи.

– Кæми æй? – батухстæн æз.

– Нæхемæ... Æнгъæлмæ дæмæ кæсуй...

Нецибал загътон, мæхе рæвдзæ кæнунмæ фæдтæн. Гаджий ма рафарстон:

– Уотæ раги...

Е бахудтæй:

– Махмæ хор раги искæсуй.

Иуазæгуати рази машини фæббадтæн æма уайтæккæ Расулетæмæ балæудтан. Е тургъи нæ размæ фæцæй.

– Æз ба, зæгъун, кæд имæ нæ абæргутæй еске мæ разæй фæцæй... Гъæунгæмæ ракæсæ-ракæсæ кæнун... – мæ цонгбæл мин фæххуæстæй æма медæмæ бацудан. Уати бадтæй тумбулдзæсгон, бæзæрхуг нæлгоймаг.

– Косолапов, – загъта лæгмæ къох мин райсгæй.

– Зонун дæ, – дзуапп ин равардтон æз. – Мæ киунугæ мин ку уагътайтæ, уæд исæмбалдан...

– Киунугутæ нæмæ берæ цæуй, адæм дæр. Бахатир кæнæ, фал сæ еугурей... – батухстæй Расули иуазæг.

Раст адтæй. Аййевадон литератури рауагъдади хецау. Мæскуй киунугæуадзæн... Сæдæгай фингутæ. Сæ еугурей куд бадардтайдæ æ зæрдæбæл.

Фæстæдæр куд базудтон, уотемæй Косолапов æ бийнойнаги хæццæ æртиккаг майæ цардæй Расулетæмæ. Е мин куд радзурдта, уотемæй ин рауагъдадæ цæттæ кодта æ уадзимисти æртæ томи.

Цалинмæ Расули бийнойнаг Патимат æма æ иуазæг силгоймаг фингæ рæвдзитæ кодтонцæ, уæдмæ æз уатæй синхæгти тургъæ ’рдæмæ ци къæразгæ адтæй, уой фарсмæ бацудтæн, кастæн, хæдзари дуккаг уæладзугæй тургъæмæ ци гъæдин асинттæ раургуг кодтонцæ, уонæмæ. Тургъæ адтæй нарæг, æнæ еу бæласæ. Тургъæй асинтти ’хсæн ниллæг горен, тарбун къирæй цагъд Расули къæрæзгити хуæдбунмæ.

Æнæнгъæлæги асинттæбæл фиццаг фæззиндтæнцæ кедæр цулухътæ, æфсæддон хæлаф, уæдта нæлгоймаги гурæ. Астæуæй уæлæмæ – игон. Æ галеу усхъæбæл – хесæрфæн. Асинттæ æ къæхти буни хъис-хъис кодтонцæ.

– Хайло! – мæ фур цийнæй имæ къæразгæ ниххуастон.

Расул мæ уæлгъос æрбалæудтæй. Къæразгæ имæ хуайуй е дæр. Хайло сагъдæй райзадæй, уæдта нæмæ горени сæрти æрбакастæй. Расул имæ дзоруй.

– Михаил Бабуевич, медæмæ!..

Минкъий фæстæдæр Хайло фæззиндтæй еци æлвæстæй. Инæлари цини. Силгоймæгтæн арфæ ракодта, иуазæги къох райста, уæдта Расулæн уотæ бакодта:

– Ду мин хатир бакæнæ, Максим дæр иуазæг æй, – æма мæ æ гъæбеси рæуæг фелваста.

Финги уæлгъос æрбадтан. Уæхæн дзамани куд фæууй, уотæ дзубанди байеудагъ æй. Еу уæлдай дзурд не ’схаудтæй Хайлойæй. Еу æнаййев æвнæлд дæр нæ бакодта фингæмæ. Хуæрди фæсте тургъæмæ ку рацудан, уæд мин Косолапов аййевæй загъта:

– Дæ лимæн мæ зæрдæмæ фæццудæй. Æвæдзи, ездон бийнонти ’хсæн исгъомбæл æй.

– Гъо. Хумæтæги зæнхкосæги бийнонти ’хсæн.

– Æрдзæй, мади губунæй ке рахæссунцæ, уæхæн ездондзийнадæ, – цума мæнæн нæ, фал æхецæн дзурдта, уоййау ниллæг гъæлæсæй загъта Расули иуазæг.

Расул æма Хайло минкъий æндæдæр бæласи буни лæудтæнцæ. Расул цидæр дзурдта æма худтæнцæ.

– Расули исарази кодтон. Сумахмæ ба куд кæсуй, уæхæн хуарз хуæрди фæсте нæхе денгизи ку рауазал кæнианæ, уæд? – загъта Хайло. Дзуапмæ дæр нæбал бангъæлмæ кастæй, машинæ æрбакæнон, зæгъгæ, тургъи дуарæй рахизтæй.

Дууæ машинемæй рандæ ан денгизи билæмæ. Махачкалайæй Дербенти ’хсæн дессаги рауæн æрбунат кодтан. Хъаспий денгиз æ уолæнтæй гъазта. Æ билгæрæнтти борбун æзменсæ хормæ тæмæнтæ калдта.

– Куд æнцæ дæ хабæрттæ? Дагестанæн сæ нæуæг æфсæддон комиссар сæ зæрдæмæ фæццудæй? – денгизæй ку рахизтан æма гъар зменсæбæл нæхе ку æруагътан, уæд бафарстон Хайлой.

– Уомæн дин, æвæдзи, Расул хуæздæр дзуапп раттидæ, – ниуулæфтæй Хайло. – Æфсæддон гъуддаги æнцонæй неци ес. Балæдæрдзинан кæрæдзей.

– Æнæ Оляйæй æнкъард кæндзæнæ...

– Куд нæ. Уæлдайдæр сувæллæнттæ. Гæнæн нæййес, аци дууæ бони мин фатер раттдзæнæнцæ æма уæд...

– Хуæнхти нæма адтæ?

– Адтæн. Гуниби. Сауæнгæ ма Гурдзий арæнмæ дæр бахъæрттæн. Сулаки донæй дæр баниуазтон. Фæззилдтæн Шамили тохæн бунæттæбæл... Даргинаг гъæуи ма мин хъæма дæр балæвар кодтонцæ. Цæнхæ, кæрдзинæй нæ барæвдудтонцæ.

Хайло дзурдта æ хабæрттæ. Æдзинæг кастæй, денгизи уолæнти уорс финкæ зменсæбæл куд тадæй, уомæ. Еуцæйбæрцæдæр нецибал исдзурдта, æ гъудити ранигъуйдæй. Æнæнгъæлæги нæбæл денгиз æ уолæнтæ æрбасæххæт кодта. Æз мæ ходун нæбал бауорæдтон:

– Гъуди ма кæнис, Хърупси сæрмæ Дорæфтауæни рази ауæдзтæбæл ку бадтан æма нин уолæн нæ хуæрзуйнæгтæ ку æскъафта, уой?

– Куд нæ! – ниххудтæй Хайло. – Хуцау хуарз, æма ма нин Егор æ къæбæртæй цидæртæ февæридæ, æндæр судæй ниммардайанæ.

Сæрди каникулти Дорæфтауæни Æрæдони дони билгæрæнтти Бесолти Егори разамундæй ауазæнтæ куд аразтан, Егор нин нæ бони кустæн æртигай сауæритæ куд фиста, етæ нæ зæрдæбæл æрлæудтæнцæ. Егор нин изæрæй не ’ртигай сауæритæ нæ къохти ку фæссадзидæ, уæд махæй лæгдæр ма кæми уидæ! Тъæбæрттæй нæхемæ балæууианæ.

Нæ гъудити Алагири балæудтан. Хърупси. Устур æрдози. Æримистан нæ кæсалгахæссæн къотæртæ... Æхсæвæ бæхтæ хезгæй ци арти фарсмæ бадтан, уони, уæдта не ’мгæрттæй тугъди ка бабун æй, уони – Басити Дзаххоти, Реуазти Елдзай, Хосати Гапполай... Нæуæгæй бабæй Габисти Захари. Æримистан тугъди хабæрттæ. Уонæн ба кæрон нæбал фæууй. Айдагъ еуей кой ракæнæ – æма фæккъæрт унцæ. Еу си инней æ фæдбæл раскъæфуй. Æрæдони донæн алли уалдзæг хумæтæги ауазæнтæй æ рохтæбæл ка хуæстæй, еци Бесолти Егори коймæ мин Хайло уæхæн хабар ракодта:

– Адтæй уалдзæг. 1945 анзи уалдзæг. Не ’фсæдтæ уæлахезæй æмпурстонцæ, сурдтонцæ фашистон сирди æ талингæ лæгæтмæ. Æз адтæн фестæг æфсæддон полкки командири хуæдæййевæг. Одери донмæ нæ берæ набал гъудæй, уотæ бардзурд райстон: гъæуама финддæсæймаг апрели боницъæхти полкки батальонтæй еуей хæццæ байахæстайанæ Одери билгæрон, уæдта артиллерион нимпурсти фæсте дони иннæ фарсмæ бахизтайанæ, уоми æрфедар адтайанæ нæ иннæ æфсæддон хæйтти æрбацудмæ. Æхсæви тари æнæ уæлдай унæрæй æрбунат кодтан, дони билти ци гъæди нарæг уадздзаг адтæй, уоми. Фæдздзурдтон ротити командиртæмæ. Никкидæр ма син еу хатт балæдæрун кодтон нæ размæ æвæрд ихæс. Бабæрæг кодтон фиццаг роти æфсæддонти. Етæ гъæуама раздæр бампурстайуонцæ дони. Цæттæй сæ баййафтон. Сæ резинæ бæлæгъитæ дунстæй лæудтæнцæ.

Ниссабур æй бæстæ. Идард кæцæйдæр ма игъустæй еугай гæрæхтæ, автоматти къæрккъæр. Дони дæллаг фарсæй арвбæл фæд-фæди фæззиндтæнцæ æртæ сурх ракети. Еу си æрдæг сугъдæй нæ бакомкоммæ дони бæрæгастæу исæмбалдæй. «Æвæдзи нæ базудтонцæ», – загътон мæхенимæр æма сахатмæ æркастæн. Цудæй æртиккаг сахат. Еуцалдæр минутти ма æма, нæ разæй ци сгаргути къуар рарвистон, уой хестæр лæфлæфгæнгæ мæ уæлгъос æрбалæудтæй.

– Немуц донмарæнтæ ихалунцæ.

– Бæрзондæй нæбæл нилгæмæ дони зæйæ....

– Рагацау ацирдæмæ къанæуттæ ракъæрт кодтонцæ, загъта лейтенант.

Еуцæйбæрцæдæр сагъдæй райзадан. Раст зæгъун гъæуй, немуц уотæ бакæндзæнæнцæ, уой æнгъæл нæ адтан. «Фæстæмæ нæбал!» – искарстон мæхенимæри æма мæ цæститæбæл рауадæй, дони зæйæ æмбохгæ куд ратондзæнæй, е.

Штабмæ рацийæй хабар фегъосун кодтон. Фæдздзурдтон ротити командиртæмæ. Бардзурд равардтон:

– Сгаргутæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй немуц донмарæнтæ ихалунцæ. Дони зæйæ нæбæл ку рауадзонцæ, уомæй тæссаг æй... Æвæстеуатæй уæ дзармадзантæ, машинттæ бæлæстæмæ федар бабæттетæ. Уæхуæдтæ æд тохæнгæрзтæ – бæлæстæмæ. Уоми уæхецæн бунæттæ æрцæттæ кæнетæ. Уæ гъос даретæ мæ командæмæ. Цъæх ракетæ.

Адæм талинги куд æзмалдæнцæ, дзармадзантæ бæлæстæмæ куд байстонцæ, уомæ кастæн. Уæдта мæ гъостæбæл æрцудæй дони хæл-хæл. Хæстæгæй-хæстæгдæр кодта. Цума æцæг зæйæ рацудæй, уоййау зæнхæ æзмалдæй. Машинтæ хъан кодта, дзармадзантæ. Дони уæззау цæфтæй диз-диз кодтонцæ нæ буни бæлæстæ. Мæхенимæри мæстæй фунхтæн нæ артиллеримæ, æрæгæмæ ке æхстонцæ, уой туххæй.

Уæдта мин цума мæ уайдзæфтæ фегъустонцæ, уоййау æмнæрд никкодтонцæ дзармадзантæ, нæмгутæ æскъотгæнгæ нæ сæрти тахтæнцæ æма дони дæллаг фарс бæстæ сæ сæрбæл исистонцæ. Дон уотæ карзæй нæбал æмбухта. «Æвæдзи, нæ сапертæ æрбахъæрттæнцæ», – рагъуди кодтон æз. Кæсун, æма немуци бæлæгъитæ хъæбузати хузæн мах æрдæмæ æрбалæгæрдунцæ. Ракетæ хæрдмæ исуагътон. Автоматтæ искъæркъæр кодтонцæ. Немуц искатай æнцæ. Кæцирдæмæ цæуонцæ, уой нæбал зонунцæ. Фæстагмæ фæстæмæ ледзунмæ фæцæнцæ. Мах бацудмæ нæ артиллери æ куст бакодта. Сугъдæнцæ немуци федæрттæ, пеллон арт уагътонцæ...

Хайло рабадтæй. Ниууолæфтæй.

– Фæстæдæр, бон ку æрбацъæх æй, не ’фсæдтæ немуци сæ разæй ку истумбул кодтонцæ, уæд ма бæлæстæмæ фæстæмæ еу каст фæккодтон. Раздæри хузæн фæрсæй-фæрстæмæ лæудтæнцæ, сæ цæнгтæ кæрæдземæ ивазтонцæ. Цума кæрæдзей нихъхъури кæнунмæ гъавтонцæ, уотæ мæмæ фæккастæй: нуртæккæ сæ бунатæй фезмæлдзæнæнцæ, æрбалæгæрддзæнæнцæ етæ дæр дони сæрти...

***(Уодзæнæй ма).***



Немуцаг сахари цæргутæ дзубанди кæнунцæ советон афицери хæццæ.

**Граждайнаг тугъди номдзуд архайæг Николай Маркини райгурдбæл 21 майи æнхæст кæнуй аст æма æхсæзинсæй анзи (1893-1918). Революцион куст кодта Владикавкази дæр, æстдæсанздзудæй æ революцион архайди тухxæй ахæст æрцудæй, бакодтонцæ ’й ами ахæстдонæмæ.**

*Номдзуд итайлаг финсæг Джованни БОКАЧЧО (1313-1375) уотæ загъта: «Сæйги æнæнез исун ку фæндæ уа, уæд æй уотæ нимайæ: дзæбæх кæнун райдæдта... Ахид уотæ дæр рауайуй: адæймаг æнгъæлуй, цума имæ амонд идард æй. Е ба æнæстуф къахдзæфтæй æрбацудæй æма æ къæсæрбæл лæууй...»*



# УАЛДЗИГОН НЕЗТÆ ÆМА ЗАЙÆГОЙТИ РУГÆ

***Сæрдигон рæстæг ка æхснирсун райдайуй, ка хуфун, кæмæндæр ба æ цæстисуг кæлун райдайуй. Е æй аллергийæ, дохтиртæ ма аци нез хонунцæ «уалдзигон поллиноз». Аллергийæ ци æй, циуавæр незихатт, уой медицинæ амонуй уотæ: нез расайунцæ кæцидæр бауæргъæдтæ – аллергентæ – уæлдай хъæбæрдæр ка фенкъаруй, уомæ фæззиннуй поллиноз кенæ ба – аллергийæ.***

АЛЛЕРГИЙÆ ке тухсун кæнуй, етæ, ка ’й зонуй, æма лæдæргæ дæр нæ фæккæнунцæ, сæ гъигæдарæг аллергентæ сæ алливарс, аллирдигæй ке ’нцæ, уой. Аллергентæ 'нцæ берæ аллихузон – ке нæ къæхти буни горцъетæбæл кенæ фæрстæбæл ци ругæ æрбадуй, е гъигæ даруй, ке æ хæдзари рази ци бæласæ ирæзуй, уомæн æ деденæги ругæ, ке ба багъигæдардта æзинæ ци хуасæ баниуазта, е æма уотæ идарддæр. Адæймаги организммæ бахаунцæ уæлдæфæй дæр, æ уолæфæнтæй дæр, сауæнгæ укол кæнгæй дæр. Беретæн ба сæ нез расайæг æй амбрози, бæлвурддæр зæгъгæй – æ ругæ.

Поллиноз алкæддæр фæззиннуй анзи еци-еу афони æма æхе æвдесуй еци-еу хузи: амбрози æ тæккæ деденæгкалуни ку фæууй, уæд нез дæр искарз уй. Фал куддæр деденæг калд фæууй, уотæ адæймаг дæр æ незæй фæййервæзуй.

Мадта бонигъæдæ дæр ахедуй поллинозæй сæйгити уавæрбæл: уаруни рæстæг син фæууй æнцондæр, сор, тæвдæ бони ба бустæги лæгъуз. Айдагъ æхснирсун æма цæстисугæй гъуддаг нæбал фæххецæн кæнуй, исбæрзонд уй бауæри тæвдæ, сæр тъæппитæ хаун райдайуй, сæйгæ мæстгун дæр исуй. Еу-цуппар анзи æма уомæй фулдæр аци незæй ка сæйуй, уонæмæ аллергийæ расайуй никки уæззаудæр незтæ – гайморит, бронхиалон астмæ æма æндæртæ.

Аллихузи ругтæ ке гъигæдарунцæ, поллинозæй уæхæн сæйгитæ гъæуайкæнуйнаг æнцæ, тæссагдæр син ка ’й, уæхæн тухтæй. Циуавæр æнцæ еци тухтæ? Фиццагидæр, етæ æнцæ адæймаг еудадзуг сæйгæ кæмæй æй, еци незтæ. Поллинозæй сæйгитæ куд дзорунцæ, уотемæй, ругæ сæ ку нæма гъигæдардта æма сæмæ аллергийæ ку нæма адтæй, уæд уой размæ садæнцæ æндæр незтæй, æма еци незти профилактикæ еци-еу рæстæг æй профилактикæ поллинозæй дæр.

Поллиноз адæймагмæ куддæр фæззиннуй, уотæ, æнæмæнгæ, гъæуама бацæуа дохтир – аллергологмæ. Е ин æ уавæрмæ цæстæ дардзæнæй, кæдмæ гъæуа, уæдмæ. Сæйги гъæуй хе гъæуай кæнун, ка ’й гъигæдаруй, еци ругæй, гъома, æнхæст кæнун гъæуй незі профилактики мадзæлттæ:

◆ ци деденæги ругæ æй гъигæдаруй, уомæн æ калуни рæстæг адæймаги гъæуй рацæун еци деденæг кæми нæ зайуй, уæхæн рауæнмæ;

◆ сæумæй раги æндæмæ цæугæ нæй;

◆ хор бони сæумæй æндæмæ рацæугæй, бакæнун гъæуй кæсæнцæститæ, фий ба æмбæрзун уомæл къохмæрзæнæй;

◆ сор думги рæстæг къæрæзгитæ гъæуй æхгæдæй дарун;

◆ уатмæ кæдзос уæлдæф уадзун гъæуй айдагъдæр уаруни фæсте;

◆ адæймаг бонæ дууæ хатти æхебæл гъæуама дон æркала;

◆ гъæунгæй хæдзарæмæ æрбацæугæй дзиккотæ гъæуй нихснун.

Поллинозæй сæйгитæ се ’нæнездзийнадæбæл гъæуама уæлдай хъæбæрдæр тухсонцæ, сæ цæстæ фулдæр даронцæ ОРВИ, грипп æма иннæ инфекцион незти профилактикæмæ. Æргом уæлдай хъæбæрдæр æздахун гъæуй организм федардæр кæнуни гъуддагмæ. Физикон æгъдауæй федар ка уа, уомæн незтæй, уой хæццæ аллергентæй дæр тæссаг нæй.

Профилактикон мадзæлттæй сæ ахсгиагдæр еу æй кæрдæгутæ æма зайæгойтæ афойнадæбæл никкæрдун, уæд етæ уæлдæфмæ сæ ругæ нæ калдзæнæнцæ, е ба, ке зæгъун æй гъæуй, адæми æнæнездзийнадæбæл хуæздæрæрдæмæ фæззиндзæнæй. Æма еци гъуддагбæл гъæуй нæ еугурей дæр еумæйагæй архайун.

# КОВИД ÆМА Æ ФÆСТЕУГУТÆ: БАФÆРАЗУНÆН СИН ЦИ ГЪÆУЙ?

КОРОНАВИРУСИ хуæцгæ нез кæмæдæр бахъæрттæй, етæ си ку исдзæбæх унцæ, уæддæр ма сæ уой фæсте дзæвгарæ рæстæги дæргъи цидæр фæттухсун кæнуй, цæмæйдæр хъурдохæн кæнунцæ, катай сæбæл бацæфсуй. Е амонуй, незі фæстеуæги хузи организм ке æвзаруй психикон æййивддзийнæдтæ. Адæймаг æхе фенкъаруй фæллад æма мæтъæлæй.

Дзæвгарæ рæстæг бауолæфуни фæсте дæр ма адæймаг æгæр тагъд ку фæллайа, æ хъаури ку нæ уа æма æ зæрдæбæл бадарун æ бон ку неци уа, уæд е уой амонуй, æма етæ ‘нцæ ковиди фæстеугутæ. Ци кæнгæ ‘й уæхæн уавæри?

Ранимад æууæлтæ сæхуæдтæ сæхе æгъдауæй нæ рандæ уодзæнæнцæ, уомæ гæсгæ, тæккæ фиццаг, бацæун гъæуй дохтирмæ – невролог кенæ реабилитологмæ. Уомæн æма, ка ‘й зонуй, адæймаги багъæудзæнæй хуастæй дзæбæх кæнун. Дохтирти иннæ амунддзийнæдтæ æнцæ уæхæн:

◆ уæхе ма фæллайун кæнетæ – нецæмæн гъæуй кусти кæронмæ бадун;

◆ фагæ фунæй кæнетæ – аст сахатти адæймаг ку фæффунæй кæна, уæд уой фæсте æ сæримагъз дæр косдзæнæй берæ хуæздæр;

◆ физикон æгъдауæй уæхебæл берæ нæ, фал æмбæлгæ уаргъ æвæретæ – адæймаг æнæхъаурæ ку уа, уæд спортивон залмæ цæун нецæмæн гъæуй, бассейни ку ранакæ кæнайтæ, уæд е дæр уодзæнæй уæ фагæ;

◆ хуæруйнаги гъуддаг гъæуама уа хузæнон арæзт – аккаг бæрцæй фингæбæл гъæуама уа уорсаг, сойнæ æма углеводтæ, уони хæццæ си карз ниуæзти кой гъæуама ма уа;

◆ ахиддæр гъæуй кæдзос уæлдæфæй уолæфун – кусти фæсте дæр, фæлладуадзæн бæнтти дæр сабургай тезгъо кæнунæн уалдзæг æй æ тæккæ афонæ, æма еци хуарз гæнæнæй гъæуй пайда кæнун.

Уотемæй, уæхе гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ.

***Медицинон профилактики республикон центр***



Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1077.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 20.05.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**